



Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE DIREKTIV POU TO ENFEKSYON SOU KANPIS KOLÈJ APRE RAPÒ ETIDYAN NAN GWO RASANBLEMAN

### *Direktiv pou kolèj yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a direktiv pou to enfeksyon sou kanpis kolèj ak mezi rediksyon lekòl yo dwe pran lè to enfeksyon an depase kèk nivo. Direktiv la sòti apre rapò etidyan yo nan gwo rasanbleman, ak eksperyans nan lòt eta ki gen gwoup k ap prepare pou retounen nan klas an pèsòn.

"Nou te wè rapò boulvèsan etidyan ki rasanble sou kanpis kolèj yo, kidonk nou etabli yon limit ki di si kolèj yo gen 100 ka oswa si kantite ka yo egal ak 5 pousan popilasyon yo an oswa plis, yo dwe pase nan aprantisaj a distans pandan de semèn, moman kote yo pral re-evalye sityasyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou dwe prevwa gwoup yo epi se sa n ap remake. Rete prepare pou li, epi pran devan li."

Lekòl yo dwe retounen nan aprantisaj a distans kote aktivite sou kanpis la ap limite lè limit sa a atenn pandan yon peryòd de semèn. Si apre de semèn, depatman sante lokal la jwenn kolèj la te demontre li pa ka jere kantite ka yo, lè sa a, yo ka kontinye egzije aprantisaj a distans oswa enpoze lòt mezi rediksyon nan konsiltasyon ak Depatman Sante Eta a. Pandan moman sa a, aktivite espòtif yo ak lòt aktivite paraskolè dwe sispann, epi opsyon refektwa yo dwe chanje pou anpòte sèlman.

Si gwoup ka pozitif parèt nan zòn patikilye yon kanpis pandan li toujou anba 5 pousan oswa mwens pase 100 etidyan, men rann difisil kapasite kolèj la pou izole ak retrace kontak, kolèj la dwe retounen nan 100 pousan aprantisaj a distans kote aktivite sou kanpis la ap limite. Depatman sante lokal oswa Depatman Sante Eta a ka òdone kolèj yo pou sispann aktivite sou kanpis nan ka yo jwenn kolèj la pa kapab kontowle epidemi a, menm anba kritè sa a.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)